

**ТУХГИН Е НÆЙ, ÆДУХИ КА ИСКЪУÆРУЙ – ТУХГИН ÆЙ, УОМÆН КА ФÆЙЙАГЪАЗ КÆНУЙ!..**

*ХЪОДЗАТИ Æхсар (1937-2021), Цæгат Ирыстоны адæмон поэт: «Мах иннæ нациты ’хсæн лæмæгъдæр разындыстæм, змæст заманты фыдæвзарæнты, тыхтæрæнты нæхи бынтон æнæбонæй равдыстам, нæ рагон низ хæлæг нын нæ базыртæ акъуырдта, æмæ се ’ппæты разæй мыггагыскъуыд куы фæуæм, уымæй фæллойаг у...» Нæ разагъди лæгтæй еу, Хъодзати Æхсар нин цæмæй тæрсуй, е нæбæл цæмæй ма ’рцæуа, уой туххæй ба нæхе æрлæдæрæн, æмзунд-æмвæндæй архайун байдайæн...*

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№15 (1031) 2026 анзи 25 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман

**ТАБУЙÆГТÆ – БЕРÆ, ТАБУГÆНÆГ БА ÆСТÆНÆЙ-ÆСТÆНДÆР?..**

## НÆ ЦИТГИЙНАГ НИН ХИЦЦАГ КУД УА...



Нæ адæми сæрбонстæ, нæ искурдиадæгин финсгутæ æма зундгонд æхсæнадон архайгутæ Цæголти Геуæргий æма Малити Геуæргий сорæттæ ауæхæн хузи хумæтæги не ’сфæлгонц кодтан. Уомæй уой зæгъуйнаг ан, æма рæстæгутæ дæр æнæхсаст бæлæсти хузæн æнцæ: куд евгъуйгæ цæунцæ, уотæ сæ пихцил къалеутæй ни, гъулæггагæн, ауунæй-ауундæр кæнунцæ, фæлтæрæй-фæлтæрмæ нин зæрдæбæлдаруйнаг ка ’нцæ, еци цаутæ æма хабæрттæ, сæрустур кæмæй гъæуама уæн, æма арфиагæй ке гъæуама имисæн, еци адæймæгути рохс нæмттæ...

Уой фæдбæл дзоргæй, комкоммæ нæ аци дууæ номдзуд лæгей ке æримистан, уомæн ес бæлвурд рæуагæ. Еуемæй, хуæрзæрæги 22 апърели Цæголти Геуæргий райгурдбæл исæнхæст æй финддæс æма авдинсæй анзи (1871-1939). Æма еци ахсгиаг цау еске æргъуди кодта?.. Неке... Е тæрегъæддаг æй, æма ин уæддæр мах абони æ номерæнæн нæ газети мухур кæнæн хецæн æрмæгутæ (4-6-аг фæрстæбæл).

Иннемæй, Малити Геуæргий райгурдбæл октябри æнхæст кæнуй авдинсæй анзи (1886-1942). Е агъазиау уодварнон цау æй нæ адæмæн, æма бæрæггонд дæр гъæуама æрцæуа тæккæ аккагдæр хузи... Кутемæй, уой фæдбæл ба ’й нæ дзубанди, абони 3-аг фарсбæл ци æрмæг мухур кæнæн, уоми.

**ÆНÆФЕРОНХГÆНГÆ ЦАУТÆ**



## ÆНОСОН – Æ РИСТ ДÆР ÆМА Æ ЦИТÆ ДÆР...

Дууинсæй анзей размæ 1986 анзи 26 апърели æрцудæй, æнæгъæнæ дуйней дзиллити зæрдитæ дæр ка ниддиз-диз кæнун кодта æма сæ æгæрон устур таси ка бафтудта, еци æверхъаудзийнадæ – исрæмугъта Чернобыли атомон электростанций цуппæрæймаг блок.

Уæлдæфмæ ниггулф кодта дæс æма дууинсæй тонней бæрцæ мæлæтхæссæг ядерон артаг, дæс æма æртинсæй тоннемæй фулдæр ба си станций тургъи «райивулдæй». Фидбилиз куддæр æрцудæй, уотæ, сæхецæн адзалæй тæссаг кæд адтæй, уæддæр æдзæстхезæй æ нихмæ тохи фиццагидæр бацудæнцæ зингхуссунгæнгутæ, гъæуайгæнгутæ, милици косгутæ, ервæзунгæнгутæ, æфсæддон химиктæ-стратегтæ æма дозиметристтæ, граждайнаг гъæуайкæнуйнади службæгæнгутæ...

Фал, ци фудæнхæ ’рцудæй, е уоййасæбæл æгæрон разиндтæй, æма æ искунæг кæнунæн айдагъ уони бон нæ адтæй, еци гъуддаги архайун багъудæй Советон Цæдеси алли рауæнтæй фæдздзорун, æфсæддон запаси нимад ка адтæй, уонæй мингай адæймæгутæмæ.

2

**АУОДУНДЗИЙНАДÆ**



## ВЕТЕРАНТÆН – УÆЛÆНХАСÆН АГЪАЗ

Устур Фидибæстон тугъди Уæлахези 81 анзей размæ Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайадæ тугъди архайгутæ æма инвалидтæн апърели пенсий хæццæ еумæ барветдзæнæй аллианзон æхцай агъаз.

Банктæ æма пости хайæдтæ хе фæткæмæ гæсгæ алли ветеранмæ дæр æхцай фæрæзнитæ бахъæртун кæндзæнæнцæ. Бæсти Президенти Указ куд амонуй, уотемæй, Устур Фидибæстон тугъди комкоммæ уагæй ка архайдта, дæс мин сомей бæрцæ еци адæймæгутæн ратдзæнæнцæ. Райсдзæнæнцæ ’й Цæгат Иристони нæудæс адæймаги.

Агъаз райсунæн нæдæр ветерантæбæл, нæдæр сæ хеуонтæбæл курдиæттæ ескумæ æрветуни ихæс æвæрд нæййес – æхца ветеранмæ рарветдзæнæнцæ æнæ курдиатæй, Социалон фонди хайадæмæ ка ес, еци бæрæггæнæнти фæрци. Агъаз ка есуй, еци адæми номхигъдтæ исбæлвурд кæнун æма ’й адæммæ ка хъæртун кæнуй, еци косæндæнттæ æхцайæй исефтонг кæнуни фæдбæл рагацау куст нуриуæнгæ æнхæстгонд æрцудæй.

Аллианзон финансон агъази туххæй Указ куд амонуй, уотемæй, Устур Фидибæстон тугъди дзамани тохæг æфсади ка службæ кодта кенæ тугъдон архайди районти территоритæбæл ка фæссахъат æй, фæццæф æй, кенæ ба си ка фæссæйгæ ’й, пособитæ федунцæ еци ветерантæн. Уомæй уæлдай ма ’й раттунцæ Устур Фидибæстон тугъди дзамани тугъдон операцити архайди, тохæг æфсади æфсæддон хæйтти æма знаги фæскъилдуни, кенæ фæсарæйнаг паддзахæдти территоритæбæл сæрмагонд ихæслæвæрдтæ æнхæст кæнуни туххæй, уæдта еуæй-еу æндæр æууæлтæмæ гæсгæ.

Указмæ гæсгæ æхцай агъаз райсуни барæ ес айдагъ уæрæсейаг ветерантæн нæ, фал ма Балтий денгизи билгæрон паддзахæдти – Советон Цæдеси раздæри республикитæ Эстоний, Латви æма Литвай – цæрæг Устур Фидибæстон тугъди архайгутæн дæр.

Исæвзæрæг фарстати фæдбæл **8-800-100-00-01** телефонæй лæвар бадзорæн ес Уæрæсей Социалон фонди Еумæйаг контакт-центрмæ (Уæрæсей Федераций Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади кусти фæткæ: авдисæрæй цуппæрæнмæ: 9.00 сахаттемæй 18:00 сахаттей уæнгæ, майрæнбони ба – 9.00 сахаттемæй 18 сахатти æма 45 минутей уæнгæ).

*Уæрæсей Федераций Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади пресс-службæ*

*Аль-МУТАНАБИ, недзамайнаг араббаг поэт: «Цийфæндий фудбонæн дæр фæллæмæгъдæргæнæн ес фæразондзийнадæ æма æхсари фæрци... Адæм сæ аййеппитæ, сæ галеу миутæ зæнхæн ку раттиуонцæ, æма ин æ хуарзæнхитæ, æ фарнæ ку райсиуонцæ, уæд, ка *й зонуй, бунтон æндæр æгъдæуттæ æма фæткæ фæззиннидæ царди...»*

**ФУДЦАУ ДÆР ЗÆРДÆБÆЛДАРУЙНАГ ÆЙ – ЦÆМÆЙ СИ ИДАРДДÆР ЕРВÆЗТ УÆН!..**







**Чернобыли фудбæлахи фæстеугутæ еуварсгæнгути лæгдзийнади кадæн монументтæ æвæрд æрцудæй куд нæ бæсти берæ рауæнти, уотæ Чернобыли атомон электростанций фæзуати (рахесæрдигæй фиццаг къарæ), уæдта Дзæуæгигъæуи дæр (астæуккаг къарæ).**

# ÆНОСОН – Æ РИСТ ДÆР ÆМА Æ ЦИТÆ ДÆР

Æма 1986 анзæй ба 1992 анзи уæнгæ комкоммæ ка архайдта, уони нимæдзæ иссæй æхсæзсæдæ адæймагемæй фулдæр, миллион адæймагемæй фулдæр ба æнхæст кодтонцæ 30-километрон куститæ. Етæ еугурæй дæр уоййасæбæл агъазиау æхсарæ бавдистонцæ, æма сæ нимайун æнгъезуй æцæг бæгъатæртæбæл. Уомæн æвдесæн æй е дæр, æма сæ фулдæремæй-фулдæр хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ паддзахадон бæрзонд хуæрзеугутæй. Советон Цæдеси Бæгъатæри ном си аккаггонд æрцудæй æхсæземæн: цуппаремæн си сæ цардæгасæй, дууемæн ба, гъулæггагæн, сæ фæсмæрдæ.

## СÆ УОДИГЪÆДÆЙ – ÆЦÆГ БÆГЪАТÆРТÆ, СÆ ХЪАЗАУАТ – АРФИАГ

Чернобыли фидбилизи фæстеугутæ еуварс кæнуни архайдтонцæ Цæгат Иристони берæ минæвæрттæ дæр – 1750 адæймагемæй фулдæр. Се 'хсæн адтæй сауæнгæ Устур Фидибæстон тугъди архайгутæ дæр. Етæ еци тæссаг тохи равдистонцæ устур лæгдзийнадæ, уæззау уавæрти нифсгунæй еуварс кодтонцæ ядерон фудбæлæхти фæстеугутæ. Сæ лæгдзийнади, фæразондзийнадæ æма уодуæлдай кусти фæдбæл не 'мзæнхонтæй дæс æма дууинсæйемæн лæвæрд æрцудæй Лæгдзийнади ордентæ, сæдæгай иристойнæгтæ хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ æндæр ордентæ æма майдантæй, Советон Цæдеси, Уæрæсе æма Иристони æндæр хуæрзеугутæй æма кадгин нисантæй…

Чернобыли фудæнхи фæстеугутæ еуварс кæнуни гъуддæгути архайдтонцæ Дигори æма Ирæфи районти берæ минæвæрттæ дæр. Уони кой абони уомæ гæсгæ нæ кæнæн, æма нæ зæрди ес сæ хъазауатон фæллæнтти тухжæй хецæн æрмæг сæрмагондæй киммухур кæнун.

Нæ абони радзубандий ба ма нæ фæндуй еу гъуддаги тухжæй зæгъун. Цæветтонгæ, еци бæлах ку 'рцудæй, уæд æй тæвдхæлæфæй æй фæккодтонцæ цидæр техникон цауддзийнæдти, сауæнгæ ма станций кустмæ цæстдаргути æнæсæрфатдзийнади фуд. Нур дзæвгарæ рæстæг ку рацудæй, æма гъуддагмæ барстдæр цæстингасæй каст ку цæуй, уæд ахидæй-ахиддæр райгъусуй бустæги æндæрхузон гъуди.

Уотæ дæр нимад цæуй, æма еци бæлах арæзт æрцудæй барæй, зæгъун æнгъезуй, е адтæй террористон фудмиуæ. Æма е æруагæс дæр кæнуй, фиццагидæр уомæ гæсгæ, æма дуккаг дуйнеуон тугъд ку фæцæй, уæд гермайнаг фашизми нихмæ нæ «æмтохгæнæг» Америки Еугонд Штаттæ знаги цæстæй ракастæнцæ Советон Цæдесмæ æма имæ ядерон тохæнгарзæй æвзедун байдæдтонцæ… Нæ бæстæ æверхъау тугъди фæсте æ къæхтæбæл æнхæст федар нæма æрлæудтæй, адæм хуæруйнагæй æма берæ æндæр цæмæйдæртæй гъæуагæ æййафтонцæ, уæддæр еци зин æма æгудзæг уавæрти дæр архайдта æ ядерон уарт тагъддæр исаразунбæл.

Нæ адæм хъазауатонæй кустонцæ æфсад ядерон тухтæй исефтонг кæнунбæл, аразтонцæ заводтæ «Маяк»-и (Челябинск-40) хузæн кустадон еугæндтæ, ядерон полигонтæ Нæуæг зæнхи, Семипалатински, Тоцки, тохæнгарзи нæуæг хузтæ фæлваруни тухжæй. Гъудæй дони бунти накæгæнæг атомон флот дæр, стратегион ядерон тугъдон-уæлдæфон флот дæр. Алли рауæнти нæмæ арæзт цудæнцæ атомон электростанцитæ аслан электрон тухæй бæстæ бафсадуни тухжæй.

## ЕЦИ ФУДБÆЛАХ БÆЛВУРДÆЙ ИСАРАЗТОНЦÆ НЕ 'ЗНÆГТÆ

Еугур еци хабæрттæ, гъайгъайдæр, нæ цудæнцæ сæ зæрдæмæ нæ æдзæстуарзонтæн, растдæр зæгъгæй ба, не 'знæгтæн. Æма еци арæзтадон размæцуд бауорамун сæ бон ке нæ исуодзæнæй, уой балæдæргæй ба сæ архайд иссæй нæ ядерон объекти фудракæндтитæ аразун, æма уомæй нæ бæстæ дуйнеуон æхсæнади цæсти бафтаун, гъома, ядерон фудæнхитæ мах азарæй цæунцæ, зæгъгæ, нæ фудгин кæнгæй.

Раст зæгъгæй, атомон электростанцитæ æма æндæр уæхæн арæзтæдтæ нæуæгдзийнадæ ке адтæнцæ, æма цидæртæ æнхæст ке нæма адтæнцæ, уомæ гæсгæ рæдудтитæ дæр куд нæ рауайидæ. Куд дуйней æндæр рауæнти, уотæ уой фудæй фидбилизтæ æрцудæй Советон Цæдеси дæр. Семипалатински, Нæуæг Зæнхæбæл, Тоцки полигонти ядерон тохæнгарз фæлваруни фæстеугутæ, уæдта Челябински облæсти сахар Озерски кустадон еугонд «Маяк»-и бæлæхти кой дæр кæд райгъусидæ, уæддæр уоййасæбæл нæ бахъонц кæниуонцæ дзиллæ. Фал Чернобыли АЭС-и исрæмугъди фæсте сæ иннæ æверхъау цаути тухжæй дæр æргомæй дзорун райдæдтонцæ адæм, ка си архайдта, етæ дæр æма сæ бийнонтæ дæр, æхсæнадæ…

Уæлдай æргомдæрæй ба дзорун райдæдтонцæ уой фæдбæл дæр, æма паддзахади æнæмæнгæ ка гъæуй, еци гъуддæгутæ, уой ба сæ тæккæ æверхъаудæртæ æнхæст кæнуни ихæстæ ке рагъи бакæнунцæ, æма уой фæдбæл æновудæй ка архайдта, æхебæл дæр æма е 'нæнездзийнадæбæл дæр ка нæ аурста, етæ сæ зæрдæ цæмæннæ гъæуама ма даронцæ, Райгурæн бæстæ сæ иронхуати ке нæ ниууадздзæнæй, ке сæбæл ауоддзæнæй, зæгъгæ, уобæл? Е гъæуама лæдæрд уа, куд бæсти разамонгутæн, уотæ бунæттон хецауеуæггæнгутæн. Дзубанди цудæй уобæл, цæмæй син лæдæрд уа е дæр, æма афонæ 'й еугур ядерон фудбæлæхти, фæстегути еуварсгæнгутæн – чернобылæгтæн, маяковонтæн, семипалатинскаг-байконурæгтæн, нæуæгзаводонтæн, атомон наути службæхæсгутæн, ракетчиктæ-ядерщиктæн, еу загъдæй, ядерон гъомуси хæццæ баст еугур косгутæн дæр æмхузон бартæ раттун æма син æмхузонæй сæ цардиуаги фарстати гъæугæ хузи агъаз кæнун.

Раст зæгъгæй, еци гъуддаги берæ зæрдæмæдзæугæ мадзæлттæ арæзт æрцудæй æма ма цæуй, фал уæддæр уой зæгъуйнаг ан, æма идарддæр дæр уонæмæ гъæуама уа социалон гъæуайкæнуйнади еудадзугон гъосдард, гъæуама син уа сæрмагонд реабилитацион центр се 'нæнездзийнадæ фæххузæнондæр кæнуни равгитæ, бюджетон фæрæзнитæй сæмæ гъæуама хауа нивæбæл цæруни фагæ, уæлдайдæр ба æнæ дарæгæй ци бийнонтæй райзадæнцæ, æдзард чернобылæгти седзæргæстæ æма сувæллæнттæмæ.

Нæ зæрдæ дарæн, уæхæн ауодундзийнадæ уæлдай бæрæгдæр уодзæнæй мæнæ аци бæнтти Чернобыли бæлахи æрцудбæл дууинсæй анзи ке исæнхæст æй, уой фæдбæл ци мадзæлттæ арæзт гъæуама æрцæуа, уони рæстæги.

## НÆ ÆХСАРГИНТИ ЛÆГДЗИЙНАДÆ КÆСТÆРТÆН РАЗÆНГАРДГÆНÆГ ÆЙ

Чернобыли фидбилизи æрцудбæл дууинсæй анзи ке исæнхæст æй, уой исбæрæг кæнуни фæдбæл арфиаг хъæппæрес равдиста Толдзгуни астæуккаг скъолай педагогон коллектив, сæ разамонæг **Хъамболти Дианæ**. Ами арæзт æрцудæй сæрмагондæй имисæн мадзал. Е цæйбæрцæбæл ахсгиаг гъуддаг æй, уомæн æвдесæн æй, ахургæнгутæ æма скъоладзаутæй уæлдай ма си ке архайдтонцæ гъæуи хестæртæ, Ирæфи района æхсæнадон организацити разамонгутæ.

Уæлдай цитгин иуазгутæ ба си иссæнцæ Чернобыли исрæмугъди фæстеугутæ еуварсгæнгутæ **Ботасти Барис** æма **Сехъойти Алик**. **Хуадонти Олегæн** ба, гъулæггагæн, нæ фæцæй равгæ уордæмæ 'рбацæуунæн. Фембæлд рауадæй хъæбæр зæрдæмæдзæугæ. Чернобылæгтæн зæрдиаг арфитæ ракодтонцæ, баръвдудтонцæ сæ зæрдæбæлдаруйнаг лæвæрттæй. Уæлдай ахсгиаг ба е æй, æма уоми архайæг кæстæртæ никки хуæздæр базудтонцæ евгъуд рæстæгути цаути æцæгдзийнадæ, се 'мгъæуккаг бæгъатæрти хъæзауатон хабæрттæ. Е æй сæ рæстмæ гъомбæладæн ахедгæ фæрæзнæ.

### ÆРГОМÆЙ ЗÆГЪУН

**Дмитрий АГРАНОВСКИЙ, адвокат:**



– Бакæсайтæ, америкæгтæ Чернобыли тухжæй ци мæнгæттæй идзаг кинонивæ рацъапп кодтонцæ, уомæ: æ еумæйаг гъуди си уæхæн æй, Чернобыли бæлах иссæй адæймагади историй тæккæ бунисæфтгæнæгдæр цау. Уотемæй ба бæлвурдæй зундгонд æй, Фукусими АЭС-и ци фехæлд æрцудæй, е уомæй берæ хæттити æверхъаудæр иссæй. Япойнæгтæ уордигæй дон калунцæ фордмæ. Кæд æма уæхæн цъамардзийнади нихмæ еци дзорæги дзорунцæ китайæгтæ, æнæгъæнæ региони дæр, уæддæр етæ сæ миуæ нæ уадзунцæ. Цæмæннæ? Уомæн æма атомон станцæ аразтонцæ америкæгтæ, General Elektrik, сейсмотæссаг рауæни, уагæвæрдтæй цидæриддæр ес, уони нецæмæ 'рдаргæй.



Толдзгуни скъолай арæзт фембæлди архайгутæ.

Бæлæстæ аразуни бæрæгбон бæрæггонд цæуй 25 апърели. Е заманай равгæ 'й нæ гъæутæ æма сахартæ нæуæг арæзт бæлæстæй исфæлгонц кæнунæн.

*Дмитрий ЛИХАЧЕВ (1906-1999), академик: «Дуйней адæмти ес еу гъигæдарæг: устур адæмтæ, се ’взаг æнæгъæнæ дуйнебæл кæмæн рахæлеу æй, етæ нихъуæрунцæ, алæмæти хæзнати хецау ка ’й, гъæздуг истори, æгъдæуттæ, фольклорон æма лингвистон бунтæ кæмæн ес, еци минкъий адæмти. Æма фесæфунцæ, æвæдæй байзайунцæ нæ цæстити рази...»*

## УОДИ ФАРНÆЙ ФЕДАР АДÆЙМАГÆН РАДЗÆГЪÆЛТÆ УÆН НÆЙЙЕС!..

# НÆ ЦИТГИЙНАГ НИН ХИЦЦАГ КУД УА...



**Павел ЗАРОНИ конд хузæ «Хъазбег æма Терк».**

**Æ уæлзæнхон царди æ ихæстæ федауцæй ка исæнхæст кодта, æма абони, гъулæггагæн, не ’хсæн ка нæбал æй, еци адæймæгути имисун уонæн сæхе некæмибал гъæуй – е мах, уæлдайдæр ба нæ кæстæрти уодти гъæуй, цæмæй рæстмæ гъуддæгутæй ни алкедæр фæлгонц кæна æ ирисхъæ…**

Еугæр нæ абони дзубанди Цæголти Геуæргий туххæй райдæдтан, уæд уой зæгъун гъæуй, æма æ ирисхъæ æгæр æверхъаугомау раудæй, берæ гъезæмæрттæ бавзурста… Уой фæдбæл нæ зундгонд ахургонд Суменати Замирæ берæ цæмæдесаг æвдесæнтæ бавдиста, нæ номдзуд финсæгæн æ уадзимистæ æнхæстæй рауадзунмæ ци æртæ томи бацæттæ кодта, уонæй фиццаг киунуги раздзурди. Куд си кой кæнуй, утемæй нæ разагъди лæгтæй еу, зундгонд паддзахадон æма æхсæнадон архайæг, публицист æма рохситауæг Байти Гаппо 1920 анзи (уæдмæ ’й «нæуæг цардаразгутæ» фендæдуар кодтонцæ æ райгурæн бæстæй) Цæголти Геуæргий туххæй ниффинста, уоми революций размæ æ хъиамæттæн аргъ кæнгæй, утæ баханхæ кодта: *«Уæлдай зынаргъ у дæ куыст, Георги! Ды фæкуыстай уыцы адæмæн, нырма куырм чи у, нæ уыны йæ хорзгæнæджы, къуырма чи у, нæ хъуысы йæ разæйцог лæгты ныхас, талынг кæмæн у йæ сæры зонд, зæронд тугæй кæмæн зилы ныронг йæ зæрдæйы цалх… Мызд н’ агуырдтай… Фос нæ фæкодтай. Ссардтай ахæстон, тард, зæрондæй мæгуыр тухийы цард!..»*

Æцæгæйдæр, Цæголи-фурти рæстудæй архайд, еуемæй, æнхæстæй нæ гъардта дзилли зæрдитæмæ, берæ цæмæйдæрти æй игъосæг дæр нæ фæууидæ; иннемæй ба фæллойнæгæнæг адæми сæрбæл æгæр ке дзурдта, уомæ гæсгæ имæ уæди хецауеуæггæнгутæ тингун кодтонцæ, фудæзнаг син фестадæй æма ин аллихузи æнадæ кодтонцæ æ цардиуагæ. Мадта Советон хецаудзийнади догæ ку ралæудтæй, уæд æнгъæл адтæй, æма ин «нæуæг цардаразгутæ» аккаг аргъ искæндзæнæнцæ æма сæ багъæудзæнæй… Нæ сæ багъудæй. Æ царди уавæртæ уоййасæбæл æдзæллаг иссæнцæ, марамæлай фагæ фæрæзнитæ амал кæнуни равгитæ дæр ин нæ адтæй.

Хуæздæр нæ рауадæй æ исфæлдистадон фæллæнтти ирисхъæ дæр. Цæгат æма Хонсари финсгутæ ин ци юбилейон бæрæгбон исаразтонцæ æ исфæлдистадон архайди дууинсæй анзей фæдбæл, уоми ’й сæ Цæдесмæ дæр райстонцæ, уæдта рахастонцæ унаффæ дæр æ уадзимистæ ин рауадзуни фæдбæл. Фал уæди хецаудзийнади ’рдигæй нихмæдзоргутæ фæттухгиндæр æнцæ, æма Иристони финсгути фæрци ин нисангонд ка ’рцудæй, саумæнгæ еци мæгурæй-мæгурдæр пенсийæй дæр æй фенæхай кодтонцæ. Æма Суменати Замирæ куд финсуй, утемæй æстонгæй рамардæй 1939 анзи 10 августи.

Æ уадзимистæ ба æнæмæнгæ рауадзуйнаг ке адтæнцæ, уой туххæй ба Байти Гаппо дæр финста мæнæ уæлдæр ци уаци кой искодтан, уоми: *«Культурон дзыллæтæ ахæм талант фыссæг сæ уæлныхты хæссынц… Йæ ныв алы хæдзары уаид, йæ номыл скъолатæ аразиккой…»* Æма батæходуй кодта, куд хуарз уидæ, Цæголи-фурт берæ æнзти дæргъи цидæриддæр ниффинста, уони æрæмбурд кæнун æма сæ рауадзун: *«Уæд иттæг стыр интересы чиныг фениккам…»*

Фал, Суменати Замири загъдау, багъудæй дæс æма æртинсæй анзи, цæмæй фезгули адтайдæ еци ахсгиаг гъуддаг исаразунбæл архайд. Уой дæр, æвæдзи, Суменати Замири фæрци. Алæмæти раунцуондзийнадæ бавдиста нæ зундгонд ахургонд. Æновудæй байархайдта Цæголти Геуæргий исфæлдистадон фæллæнттæ бамбурд кæнунбæл – гъæуама уагъд æрцудайуонцæ æртæ томемæй. Фиццаг том 1992 анзи бæргæ фæззиндтæй, фал гъуддаг уоййадæбæл фегуппæг æй. Иннæ дууæ томей ирисхъæ абони дæр бæрæг нæй…

Махмæ гæсгæ ба, афонæ ’й уой иснæуæг кæнун. Кæд нæ æцæгæй фæндуй нæ адæми, нæ фидиуæзæги ирисхъи раздæри цаутæ æма хабæрттæ бæлвурдæй зонун, уæд Цæголи-фурти аййевадон, публицистон æма документалон уадзимисти нин уоми исуиуонцæ агъазгæнæг. Æма нæмæ разиндзæнæй еци гъуддаг фæррæстмæ кæнуни фагæ разæнгарддзийнадæ, кенæ уой исæнхæст кæнуни ихæс æхемæ ка райса, уæхæн адæймæгутæ...

Малити Геуæргий туххæй дзоргæй ба уотæ зæгъæн нæййес, æма иронхгондæй изайуй. Рæстæгæй-рæстæгмæ æ номерæнæн арæзт æрцæунцæ аллихузон мадзæлттæ. Раст зæгъгæй, районтæй кæцидæр гъæути. Утемæй ба æ алæмæти исфæлдистадæ, нæ национ литератури райрæзтбæл æ хъазауат æма е ’хсæнадон хъиамæтти агъазиаудзийнадæ ин нимайгæй, аккаг æй цæмæй цитгингонд цæуа республикон уæлтæмæнади. Уомæн ба аци анз, ку зæгъæн, заманай равгæ ’й, æ райгурдбæл октябри авдинсæй анзи ке æнхæст кæнуй, еци ахсгиаг цау. Уой нимайгæй, бæргæ æнгъизтæй аци анз Цæгат Иристони куд Малити Геуæргий Анз, уотæ иснисан кæнун дæр. Е кæмæй аразгæ адтæй, етæ, гъулæггагæн, уой фæдбæл фæндонмæ не ’ригъустонцæ æма неци арæзт æрцудæй. Уæддæр ма рæстæг ес, æма ма берæ аллихузон цитгингæнæн мадзæлттæ исаразун бантæсидæ. Æцæг æвæстеуатæй архайун байдайун гъæуй.

Зæгъæн, мæнæ рæхги, 15 майи бæрæггонд цæудзæнæй нæ маддæлон æвзаг æма литератури Бон. Махмæ гæсгæ, хъæбæр раст уидæ уой сæйрагдæр медес Малити Геуæргий номерæнæн иснисан кæнун. Еци гъуддаг арæзт ку ’рцæуа, уæд е исуодзæнæй зæрдæмæдзæугæ мадзал дæр, уæдта æ ахедундзийнадæ дæр бæрзонд раудайдзæнæй, уæлдайдæр ба нæ ирæзгæ фæлтæрти гъомбæлади.

Нæ абони радзубандий ба ма уой зæгъуйнаг ан, æма республикон æмвæзади аци анз Малити Геуæргий Анзбæл банимайун кæд нæ бантæстæй, уæд еци ихæс нæхемæ есæн æма ’й нæ газети нисан кæнæн куд Малити Геуæргий Анз. Еудадзуг мухур кæндзинан æ уадзимистæ, æ номерæнæн аллихузон æрмæгутæ.

***БИЧИЛТИ Алетæ***

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ



Нарти гуппурсартæ æмбурдæй бадтæнцæ сæ къæлæтгин къелатæбæл. Тæрхон кодтонцæ сæ дзилли гъуддæгути фæдбæл.

– Нартæ Нартæ уæд адтæнцæ, арв дæр си нæрун уæд не ’ндиудта, æма мæлун ку зудтонцæ сæ дзилли сæрбæл, алке си æхебæл хуæцун ку фæразта. Нартæ Нартæ уæд адтæнцæ, æма нæртон адæймаги цъухæй рæстдзийнадæй æндæр ку неци игъустæй. Нæ дзиллæ дзиллæ уæд адтæнцæ, æма сæ сæр сæрмæ ку хастонцæ.

Уотæ радзурдта Нарти æмбурди еу хестæр.

– Адæм хицæ уæд кодтонцæ Нартæмæ, сæ хуарзи кой идардмæ уæд игъустæй Нартæн, сæ губунбæл хуæцун ку фæразтонцæ, ниуæзтæй сæхе ку гъæуай кодтонцæ, ронгæй сæ бæрцæ ку зудтонцæ; аци рæстæги хузæн сæ мæрдти къоти ку нæ калдтонцæ ниуæзтæ æма хуæрдæбæл; æнæгъдау фурниуæзтæй се ’фсармæ ку нæ исафтонцæ, сæ зунд, се ’хсарæ ку нæ састæнцæ.

Уотæ загъта дуккаг хестæр.

– Нæ адæм адæм уæд адтæнцæ, æма кæстæр хестæри ку нимадта, кадæ ин ку лæвардта, кæрæдземæ ку игъустонцæ; силгоймаги туххæй æ цæсгон ку неке исафта.

Уой радзурдта æртиккаг хестæр.

* * *

*Кæд мах абони сæрустур ан Нартæй, уæд сæ цæмæннæ фæнзæн сæ алæмæттаг менеугутæй – нæ хуарз нин бози цæмæннæ нæ цæуй, нæ цитгийнаг нин хиццон цæмæннæ ’й, гириззаггæнæг æма ходуйнаггæнæг миутæй нæхе цæмæннæ гъæуай кæнæн?..*



**Антон МАКАРЕНКО (1888-1939), педагог, финсæг: «Гъомбæладæн æ сæйрагдæр медес уой медæгæ ’й, æма хестæреуæггæнæг фæлтæр æ фæлтæрддзийнадæ, æ уæлмонц, е ’ууæндундзийнадæ раттуй кæстæреуæггæнæг фæлтæрмæ...»**

* * *

Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Хестæр – амонæг, кæстæр – ахуадæг...» Ауæхæн зундирахаст ци адæми уодиконди нæ уа æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаги ихæси хузæн, уомæн, баруагæс уи уæд, æ уæхæн цийфæндидзийнадæ фæсмойнаг исуодзæнæй исонибони – уогæ ин аккаг исонибон дæр кæми уодзæнæй...

**Ги де МОПАССАН (1850-1893), французаг финсæг: «Æхе ка нæ нимайуй, е фудæбойнаг æй, æхецæй æгæр боз ка ’й, е ба – æдули...»**



* * *

Цума нæ нури хецауеуæггæнгутæ ба кæцитæмæ хаунцæ? Еуемæй, сæхе æгæрдæр ма нимайунцæ, гæнæн æма амал цийййес, уомæй сæхе некæцихузи фенæхай кæндзæнæнцæ, уой хæццæ ба сæхецæй хъæбæр ниббоз унцæ. Уой дæр – æнæфсæрмийæй. Ихæсгин ци адæмæй æнцæ, етæ ба боз æнцæ æви нæ – е сæмæ нимади дæр нæй...



**Иван ТУРГЕНЕВ (1818-1883), финсæг: «Иннети сæрбæлтау мæхе нивондæн æрхæссон, зæгъгæ, æ меднимæр уотæ ка искарста, фал рагацау алцидæр ка фæррабарæ-бабарæ кæна, е æ уод исуæлдай кæнунмæ исарæхсдзæнæй? Секкаг æй...»**

* * *

Æзинæ дæр ма нæмæ хъæбæр берæ адтæнцæ, иннети сæрбæлтау нивондæн сæ управ æрхæссунæй ка сомитæ кодта, уæхæн «дзурддзæугитæ». Æма абони ба, нæ Фидибæсти нæ сæруæлдайдзийнадæ ку багъудæй, уæд еци «нивондхæсгутæ» кæми ’нцæ? Ка си фæсарæнтæмæ фуртæссæй фæллигъдæй, ка ба си, кæд медбæсти байзадæй, уæддæр алли рæуæнттæй ратиллеф-батиллеф кæнуй... Нæ Фидибæстæбæл æцæгæй рæстудæй æновуд ка ’й, етæ ба æцæгæй тох кæнунцæ æ сæрбæлтау.

**Нæ национ науки æма культури номдзуд архайгутæй еу, профессор Æлборти Андрейи фурт Бариси райгурдбæл 24 апърели исæнхæст æй авдинсæй анзи (1886-1968).**

***Юридикон наукити кандидат ДЗИДЗОЙТИ Мухарбег: «Цæголти Геуæрги адæми цардмæ хæстæг лæуд адтæй, æхе цæститæй æй уидта фæллойнæгæнгути гъезæмæрттæ æма мæститæ. Уидта, кавказаг адæмти хуæздæртæ, рæстзæрдæ адæймæгутæ, бустæги æвудæй, айдагъдæр цъуххæсгути ардудмæ гæсгæ куд æфхуæрд цудæнцæ,***





Магомед ШАБАНОВИ (Дагестан) конд хузæ.

# Æ ТОХ АДТÆЙ НÆ АДÆМИ ХУÆРЗАМОНДИ СÆРБÆЛТАУ

Цæголти Геуæрги райгурдæй 1871 анзи 22 апърели Киристонгъæуи (нур – сахар Дигора). Кадгин, дзурддзæугæ лæг адтæй æ фидæ Аслангери. Е æнæмæнгæ фæббæрæг æй фурти удикондбæл, уомæн æ демократон зундирахастбæл. Аслангери каст фæцæй Тифлиси дини семинари æма куста фиццаг ахургæнæгæй, уæдта къуар анзей дæргъи – саугинæй. 1878 анзи, æз саугин нæбал дæн, зæгъгæ, æ пæлæз рагæлста. Аци хабар куд нæ фæббæрæг адтайдæ минкъий Геуæргий цардбæл? Бийнонтæ æрмæгур æнцæ, уомæн æма Аслангеримæ неци есбон адтæй, æ минкъий хæдзарæ дæр ма ихæстæ бафедæггаги уæйæгонд æрцудæй: службæмæ ба 'й есгæ нæбал кодтонцæ, «æ рехæ даст æрцудæй», зæгъгæ. Минкъий биццеуæн æ фиццаг имисуйнæгтæ 'нцæ æ мæгурдзийнадæ æма е 'стонг. «Дзабур, уæледарæс цæмæй балхæдтайанæ, е нæ адтæй. Æз… дууæ анзи бæгъæнбадæй фæххаттæн, сауæнгæ зумæги дæр – бæгъæнбадæй…» – имиста фæстæдæр Геуæрги.

Биццеумæ дæр хумæтæг нæ фæккастæй æ фидæ Аслангерийи миуæ, ниссагъæси 'й, гъуди ибæл кодта, æма ин фæцæй цард хуæздæр балæдæруни хуасæ, рæстдзийнадæ æма тохи фиццаг урок. Æ фидæ алкæддæр адтæй мæгур гъæуккæгти фарсхуæцæг, лæудтæй бонгинти нихмæ.

Ниллæудтæй син тæлмаци лæгæй, мæгуртæн финста сæ гъаст гъæздугути æма хецауади минæвæртти нихмæ. Е дæр фагæ нæ адтæй: æргомæй æрлæудтæй хецауади нихмæ. Нæудæсæймаг æноси 80-аг æнзти райдайæни е æ мæгур гъæуккæгти сæргъи исистадæй бунæттон старшинай нихмæ, уой туххæй нийййахæстонцæ Аслангерий, фесафтонцæ 'й сакъадах Чечени. Гъе æма æ фидæй уæхæн тохмонц зунд æма удигъæдæ рахаста Геуæрги дæр.

Еу лæг ма адтæй, Геуæргий зундирахастбæл хуæрзæрдæмæ хъæбæр ка фæззиндтæй, уæхæн. Е адтæй æ фиди фидæ Муссæ, гъæуон курдон. Фæстæдæр æ имисуйнæгти ин æ кой ахид кодта Геуæрги. Зæронд лæг æй бахудта адæмон исфæлдистади хæзнадонæмæ, берæ таурæхътæ, аргъæуттæ, æмбесæндтæ, зартæ си базудта биццеу, æ зунди ин хезун кодта рæстдзийнадæмæ турнундзийнадæ. Дессаг нæй, Геуæргийæн æ фиццаг уадзимистæ адæмон исфæлдистадæ æма зæронд Мусси хæццæ баст ке 'нцæ, е. Æ уарзондæр поэтикон фæлгонц ба иссæй адæмон мастесæг æма зартæгæнæг Хъудайнат.

«Устур аргъ кодта ахурдзийнадæн, кадгин бунати æвæрд имæ адтæй киунуги дæсни лæг», – финста Геуæрги зæронд Мусси туххæй. Нур зин балæдæрæн нæй, мæгур хæдзарвæндагæй рацæугæ биццеу ахурбæл куд бафтудæй, е: неци бавгъау кодта, нецæбæл байаурста. Сабий æхсæз анземæ æ мади фæрци базудта кæсун. Уайтæккæ 'й равардтонцæ Киристонгъæуи еукъласон скъоламæ. Ами фæцæй æртæ мæйи. Фæстæдæр, 1879 анзи сентябри мæйи, æ бон бацæй Мæздæги дини училищемæ бацæун. Райстонцæ 'й къазнай харзæй.

Еци рæстæг хъæбæр æзмæнститæ цудæй Уæрæсей. Архайдта парти «Народная воля»… Рамардтонцæ паддзах Александри… Æверхъау æфхуæрæн миутæ уой фæсте иситинг æнцæ… «Паддзахмаргути» æлгъетунцæ хецауадæ, бонгинтæ, хъоди сæбæл кæнунцæ аргъауæнти. Ахурдзаути зундæй фæссорунбæл архайунцæ сæребарæбæл гъудийæн æ думгæ дæр. Фал фæсевæди 'хсæн куста æндæр зунд дæр: берети æруагæс кодта, революционертæ ке «дзорунцæ адæми сæрбæл», «уарзтонцæ сæ фæсауоунмæ æма дзурд лæвардтонцæ, ескæд етæ дæр революционертæ ке исуодзæнæнцæ, уой туххæй». (Цæголты Г. «Мысинæгтæ», ОРФ СОНИИ, фонд II, фыст 1, хъуыддаг 32, фарс 142).

Мæгурти сæрбæл дзорун, фæллойнæгæнгутæ æма еугур æфхуæрд адæми сæрбæлтау тох Цæголи-фуртæн фæстæдæр иссæй æ еугур царди гъуддаг.

Æхуæдæг куд дзурдта, уомæ гæсгæ литературæ уарзун байдæдта Мæздæги дини ахургæнæндони. Каст æй фæцæй 1885 анзи æма уæд бацудæй Стъараполи дини семинаримæ дæр. Берæ бабæй нæ раййивта æ цардиуагæ. Ами дæр еци карз æфхуæрдтитæ, къумух чиновник-ахургæнгутæ, карцер æма фæсмондзийнадæ. (Къуар анзей фæсте семинарий цард равдесдзæнæй «В Болотинске», зæгъгæ, романи.)

Фал рохс гъуди ницъцъист кæнун дини семинарий бон дæр нæ бацæй. Еци æнзти Цæголифурт райдæдта финсун. Стъарапойлаг газет «Северный Кавказ»-и фæззиндтæй æ фиццаг литературон фæлварæн: «Эпизод из времени бунта в Осетии в 1806 году».

Финсунæй уæлдай ма имæ адтæй æндæр «удервæзæн» дæр – кастæй киунугутæ. Е ба уотæ æнцон гъуддаг нæ адтæй. Семинарий фундаменталон библиотекæй кæстæр семинаристтæн литературæ нæ лæвардтонцæ, сахари библиотекитæмæ цæуни барæ син нæ адтæй. Киунугутæ амал кодтонцæ зонгити фæрци, кастæнцæ сæ кезугай, сосæггай – кæми уроктæ рæстæги, кæми – ба хуссун афони дæр. Еууæхæни Геуæргий æрахæстонцæ, Помяловскийи роман «Молотов» куд кастæй, уотемæй. Еци дзамани дини ахургæнæндæнтти аци финсæги уадзимистæ хъодигонд адтæнцæ рохс синоди дзурдæй, æма Геуæргий уайтæккæ рацох кодтонцæ семинарийæй.

Æхсæрдæсанздзуд биццеу фæххауæггаг æй. Хъæбæр тухстæй, æ бийнонти ке фæффудæнгъæл кодта, уомæй: сæ зæрдæ айдагъдæр уобæл дардтонцæ. Бийнонти дарун гъудæй, æма Геуæрги æ фиди хæццæ (уæдмæ е ахæст нæма адтæй) кустагор рандæй Кубани зилдмæ. Баталпашинскмæ хæстæг еу цади билæбæл адтæй цæнхикустгæнæн завод, æма уордæмæ бацудæнцæ фидæ æма фурт. Ами хъæбæр зин уавæрти кустонцæ, гъезæмарæ кодтонцæ Уæрæсей алли къумтæй æрцæуæг адæм – уруссæгтæ, гурдзиæгтæ, дагестайнæгтæ, кæсгæнттæ, иристойнæгтæ. Се 'стонг, сæ мæгурдзийнадæ сæ æртардта ардæмæ.

Цæголти Геуæрги ами хуарз балæдæрдтæй, фæллойнæгæнæг лæгæн алкæмидæр æ уавæр еухузон гъезæмарæ ке æй. Косгути фарс ке лæудтæнцæ, сæ сæрбæл ке дзурдтонцæ, уой туххæй Геуæрги æма æ фидæ цохгонд æрцудæнцæ сæ кустæй.

Уой фæсте берæ рахау-бахау багъудæй Геуæргий. Аразта æфсæнвæндаг Кубани зилди станицæ Барсуковскийæй, ласта нартихуар Даргъ-Къохи станцæмæ, адтæй цомайи биццеу æма ахуркæнуйнаг æфсæнвæндаги телеграфи, лæвардта уроктæ, 1892 анзæй фæстæмæ ба адтæй Дигоргоми Донифарси æма Мæхчески приходи пъисæр, еци куст кодта Алагири æма Пусулмонгъæуи (Чиколай) дæр.

Цæголи-фурт хуарз базудта адæми цард. Еу «незæй садæнцæ» Баталпашински заводи косгутæ дæр æма хуæнхæгтæ дæр. Фæууидта къласон хецæндзийнадæ, эксплуатаци. Балæдæрдтæй зæнхæгъæуагæ мæгур хуæнхæгти зин, сæ гъезæмарæ æлдæртти æхси буни, кулакти цъамардзийнæдтæ, паддзахи администраций æфхуæрд. Хуæнхаг лæги ма æлвастонцæ дингæнгутæ æма зæронд æгъдæутти уаргъ. Нæ финсæги бон нæ адтæй уæхæн уавæртæмæ кæсун, е ниллæудтæй тохи надбæл, бацæуидæ хæлхъойаг гъуддæгути, алкæддæр мæгурти фарс угæй. Амудта син, финста син гъæугæ гæгъæдитæ, сæ гъаст син хаста уæлдæр хецауадæмæ. Æма æ нихмæ иссæнцæ æлдæрттæ, бонгинтæ, бунæттон дингæнгутæ.

Æ пъисæри кусти туххæй финста уотæ: «Службæ мин хъæбæр фæййагъаз æй адæми цард базонуни гъуддаги. Мæ зæрдæбæл рацудæнцæ фицгаг арф ауæдзтæ. Еци ауæдзтæй райгурдæнцæ фæстæдæр хуæнхаг царди фарстати фæдбæл мæ берæ уацтæ. Еци ауæдзтæй рацудæй, хуæнхти ци зин хæдзарадон уавæр ес, уой туххæй ке ниффинстон, еци киунугæ «Край беспросветной нужды» дæр…»

Пусулмонгъæуи (Чиколай) æма Мæхчески ку адтæй, уæд Геуæрги финсун райдæдта цубур уацтæ бунæттон царди хабæрттæ æма цауди туххæй. Мухур сæ кодтонцæ «Терские ведомости», зæгъгæ, газети. 1894 анзи æмбеси имæ фæдздзурдтонцæ аци газети редакцимæ косунмæ.

Газети косун æ рагон бæлдæ адтæй Геуæргийæн: «Газети куст мæн еудадзугдæр æлваста æхемæ». Рандæй Владикавказмæ (Дзæуæгигъæумæ). Лæдæрдтæй, журналист устур зунд æма культури хецау ке гъæума уа, уой, æма æрæвналдта æхебæл косунмæ; кæсуй хъæбæр берæ, ахур кæнуй философи, экономикæ, статистикæ, барадæ, истори.

Цæголи-фурт, профессионалон журналист, газети фæккуста дæс æма инсæй анземæй фулдæр. Æ уадзимистæ цудæнцæ Уæрæсей, Цæгат Кавкази æма Фæскавкази еу-дууинсæй мухури оргæнæй фулдæреми. Æ бон адтæй газетон публицистики алли жанри дæр финсун, финста репортажтæ, корреспонденцитæ, раздзурди уацтæ, фельетонтæ, экономикон, æхсæнадон-политикон æма литературон фарстатæбæл, рецензитæ киунугутæбæл æма театралон спектакльтæбæл, библиографион феппайуйнæгтæ, рафæлгæститæ центрон æма провинциалон мухурбæл. Æ финстити бундор адтæнцæ нæ адæми XIX æноси кæрони æма XX æноси райдайæни цардæн социалон-экономикон æма культурон цардæи ахсгиагдæр фарстатæ. Æ финститæн ин рахонæн ес Иристони историй, экономики æма культури энциклопеди – уотæ берæвæрсуг æма арф æнцæ. Фал Цæголи-фурти публицистики устур хуарздзийнадæ е дæр æй, æма айдагъ Иристонбæл ке нæ дзоруй æма тухсуй. Æ берæ уацтæ, очерктæ, фельетонти нæ финсæг тох кæнуй Цæгат Кавкази иннæ адæмти сæрбæл дæр.

Цæбæл финсуй, еци фарстатæ берæ 'нцæ. Фал си уæлдай æхцулдæр æй еу къуаребæл: мæгур хуæнхаг адæми социалон-экономикон уавæр; паддзахи хецауадæ Кавкази ци



***куд сæ æрахæссиуонцæ æма сæ куд рарветиуонцæ каторги рауæнтæмæ – «Чечень» – сакъадахмæ, Сибирмæ, Уæрæсей цæгатгубернитæмæ... Æ уацтæй цалдæреми карзæй критикæ кодта пъæлици æма тæрхонгæнæн оргæнти архайд. Бæлвурд æвдесæнтæ æрхæсгæй, равдиста уони æгæнон галеу, æдзæсгом миутæ...»***








**ЦÆГОЛТИ Геуæргий киунугутæ, астæуæй ба – номдзуд финсæги номерæнæн Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл литературон музейи ци равдист исаразтонцæ, уоми ист къарæ.**

колонизаторон политикæ хаста, уой критикæ кæнун; æлдæртти, бонгинти гъæддаг миутæ хормæ калун. Æ хуæздæр статьятæ æма фельетонти – «Дигорские науки», «Сельская буржуазия и надельные земли», «К вопросу о временнопроживающих», «Заметки по земельному вопросу» æма иннети финсуй ирон зæнхкосгути къласон дехдзийнадæбæл, Иристони гъæути бонгинтæ мæгур адæми куд æнсæндунцæ, уобæл. Тох кæнуй «рæстæгмæцæргути»(уотæ худтонцæ æнæзæнхæ æма, еудадзугон цæрæнбунат кæмæн нæ адтæй, еци раледзæг адæми) сæрбæл.

Æ тæккæ бундорондæр куст æй «Край беспросветной нужды». Хъæбæр лæмбунæг си равзурста, зæнхи 'гъдауæй Терки зилди хуæнхаг адæм ци уавæри 'нцæ, уой. Цæголи-фурт æрцудæй уæхæн хатдзæгмæ: хуæнхбæсти цæргутæй айдагъ 14 процентæн сæ бон æй «фингæбæл æрбадун», иннæ 86 проценти 'нцæ «уæлдай цъухтæ». Æма финсæг гъæддухæй домуй уонæн зæнхæ раттун.

Иристони зæнхитæбæл ци бонгинтæ æрбадтæнцæ, уони нихмæ дзоргæй, Цæголи-фурт хуарз лæдæрдтæй, гъай-гъай, зæнхæ барвæндонæй зæнхкосгутæн ке нæ ратдзæнæнцæ. Фал ин æ финститæ ка кастæй, етæ уæхæн хатдзæгтæ кодтонцæ: зæнхæ байсун гъæуй тухæй.

Цæголти Геуæрги адтæй революцион демократий зундирахастбæл хуæст, уой бон нæ адтæй рартасун пролетариати æцæг тухæ, балæдæрун, айдагъ пролетариати бон ке æй æхсæнадон цард раййевун. Нæ финсæг æ бæлдитæ, æ нифс баста зæнхкосгути хæццæ, уони революцион æзмæлди хæццæ.

Цæголти Геуæргий публицистикæ лæууй Иристони революцион-демократон гъуддæгутæ æвдесæг хуæздæр уадзимисти æмрæнгъæ. Æвардта æ рæстæги тæккæ актуалондæр фарстатæ æма сæ лух дæр кодта адæми бæлдити сæрбæлтау æма пайдайæн.

Зундгонд æй, Цæголти Геуæрги е 'мдзæвгитæ æма радзурдтæн æхуæдæг уоййасæбæл устур аргъ ке нæ кодта, е. Фал махæн æ аййевадон исфæлдистадæ дæр æ публицистикæй минкъийдæр цæмæдесаг нæй. Уогæ ин æнхæстæй аргъ искæнун нерæнгæ дæр ма зин æй, уомæн æма æнхæстæй æмбурдгонд нæма 'й, æхе загъдау, фесавдæй «зæронд газетти цъæпæрати».

Аййевадон уадзимистæ дæр финсун райдæдта публицистики хæццæ еу рæстæги. Æ фиццаг æмдзæвгитæ æма радзурдтæ фæззиндтæнцæ 1895 анзи. Æ прозæй финститæ къохи нæма бафтудæнцæ: финст ин ка нæ фæцæй, еци роман-фельетон «В Болотинске», абæргути туххæй финст цæмæдесаг романæн æ райдайæн æма еуцалдæр радзурди – «хузтæ», «миниатюритæ». Прози дæр æма поэзий дæр дзубанди цæуй, публицистики ци фарстатæ æвæруй, уонæбæл. Уотæ загъта æхуæдæг: прозæ æма поэзимæ бавналдта, æ гъудитæ æма æнкъарæнтæ 'й хуæздæр æма бæлвурддæр равдесун ку 'рфæндæуидæ, уæд.

Æ поэзий нисанеуæг исбæлвурд кодта æ программон æмдзæвги. Уадзимис исхудта «Вместо предисловия». Æнахур æй æмдзæвги истори. Арæзт æй дууæ хаййемæй: сæ еуемæй инней 'хсæн рацудæй дæс æма инсæй анзей бæрцæ. Поэти сорæт Цæголи-фурт æвдесуй будуйраг толдзи хузи. Æмдзæвги фиццаг хаййи еци толдзæ – еунæг, æ сæр æркъолæ 'й, цума рæхисæфтуд адæймаг æй.

*Он тоскует и вздыхает,*
*Думы ветру поверяет.*
*И скрипит… скрипит… скрипит…*

Æмдзæвги дуккаг хай финст æрцудæй Октябри революций фæсте. Толдзæ байгас æй, исхуæстæй æ къабæзтæбæл.

*Живет он и ликует*
*И юной бодростью кипит.*

Адæми рист æма зиндзийнадæ равдесун, адæми амонди сæрбæлтау маст райсунмæ фæдздзорун – уæхæн ихæс æвæруй Цæголи-фурт æ поэзий рази. (Æмбурдгонд «Осетинские мотивы»). Поэт уарзта æ райгурæн бæстæ, æ хуæнхон æрдзæ. Хуæнхон æрдзи хузтæ æвдесуй хъæбæр дæсни, уæлдайдæр аци æмдзæвгити – «Ночью в горах», «В Дигории». Æ зæрдæмæ хъæбæр арф гъаруй хуæнхон æрдзи рæсугъддзийнадæ.

Фал си зæрдрохсдзийнадæ кутемæй уа, кæд æма си ардигон тухст цард кæнунцæ. Уой поэт айдагъ карз æрдзи фуд нæ кæнуй. Хуæнхаг лæги уæззау ирисхъи сæйраг фуд æй социалон æнæрастдзийнæдти. Фæллойнæгæнæг хуæнхаг лæги æгъатирæй эксплуатаци кæнунцæ æлдæрттæ, бонгинтæ æма паддзахи администраци – е æй Цæголи-фурти поэзий сæйраг медес.

Е 'мдзæвгити æмбæлæн мæгур хуæнхæгти хумæтæги сорæттæбæл. Мæнæ е 'мдзæвгæ «Иналухъ»-и сæйраг хъæйтар устур тухсти бахаудтæй: æ хумгонди тиллæгæй неци æрзадæй. Нур ци фæуууодзæнæй?

Мæтъæл, сæргубур æй Гугъо («На нихасе»). Æ бон дзорун дæр нæй. Цума ци кæнуй? Поэт æй комкоммæ нæ зæгъуй, фал Гугъой тухсти рæуæнттæ еу æма дууæ нæ 'нцæ: гъæуихецау – цъуххæссæг, бонгин æвзиститæ кæнуй мæгур лæги минкъий мортæ байсунæй, хецау – æрахæссунæй…

Поэт æвдесуй (æмдзæвгæ «Рассказ дигорца») хуæнхаги тар карнæ. Æ фидæ зæйи буни фесавдæй, мадæ Ирæфи багæлста æхе. Мади сорæт уæлдай тухгин æнкъарæнтæй æма хузтæй æвдист æй аци æмдзæвги. Седзæргæси сагъæстæбæл кæми дзурдæуй, еци бунæттæмæ кæсгæй, зæрдæ нигъгъæрзуй. Æгомуг фонси хузæн куста, фал уæддæр æхе æма æ бæдоли уодервæзуни фагæ амал кæнуни фадуат ин нæ адтæй… Цард ин цард нæбал æй, аци рохс дуйне ниууадзун – хуæздæр… Фал мæлун дæр зин æй. Æнамонд усæ æ мæлæти хуæдразмæ нæбал æфсæдуй æ гъæуи, æрдзи, хори уиндæй. Уæддæр æдзард дуйнемæ æ бæдоли æ хæццæ «райсун» æ бон нæ бацæй. Хуæрзбон зæгъуй æ бæдолæн. Æ биццеуи ном ма фæззæгъуй æ мæлæти размæ. Поэтикон æмдзæвгити ритм, бæлвурд детальтæ, æрдæгæскъуд зæгъдтитæ – етæ еугурæй дæр поэтæн æнцæ вазуггин меддуйне æцæгæй равдесуни фæрæзнæ. Силгоймаги мæлæти хабар зæрдæ уæлдай хъæбæрдæр ниррезун кæнуй, поэт нин, уæхæн цау æстæн ке нæй, уой ку фæззæгъуй, уæд. («Урух! Урух!.. Немало ты здесь принял в недра вод холодных детей суровой нищеты, раздетых, сирых и голодных»).

Æфхуæрд хуæнхаг силгоймаги ирисхъæ æвдесуй æмдзæвгæ «Невестке-осетинке» дæр. Сагъæс, цæрæнбони уодхар æнгъæлмæ кæсуй ирон кизгæмæ.

Цæголи-фурт æвдесуй, еугур еци гъезæмæртти фудгин ка 'й, уони дæр – æвдесуй адæми æфхуæргути. Сатирикон æмдзæвгæ «Темболат»… Бонгин, сæудегергæнæг, тукæнттæдарæг Темболат бадуй е 'вæрæнтæбæл. Айдагъ æхцатæ имæ нæййес римæхст – еу кирæ байдзаг æй векселтæй: «Сколько власти, сколько горя тот сундук в себе таит! Захочу – и вмиг застонет весь огромный наш аул… Вексель – сила… Нет такого, кто б пред ним спины не гнул…» Хецауадæ дæр – уой фарс, кадæ дæр – уомæн. Еугурæй дæр си тæрсунцæ, æнцæ ин лигъстаг. Бонгинæн æвдист цæуй айдагъ æ социалон игакæ нæ, фал æ психологон рахаст дæр.

Поэт æ уадзимисти, адæми æма уонæн се 'знæгти æвдесгæй, карзæй æвæруй фарста, куд цæронцæ адæм идарддæр. Æма æ еугур поэзийæй дæттуй уæхæн дзуапп: адæм гъæуама тох кæнонцæ сæ бартæбæл. Æмдзæвгæ «Иналук»-и кæсæн:

*Эх, спи, оборванный, голодный!*
*Не просыпайся, если сон,*
*Зовущей к жизни нас свободной,*
*Ты явью сделать не рожден!*

Нæ зæрдæбæл нин æрлæууун кæнуй нæ адæмон бæгъатæрхъæйтар Чермени (æмдзæвгæ «На нихасе»). Иннæ уæхæн – Хъудайнат, адæми сæрбæлхуæцæг («Месть певца»). Е æзгули кæнуй адæми, цæмæй исистонцæ, æфсойнæ сæбæл ка исæвардта, уони нихмæ...

* * *

Рохсдæр исонибонбæл æууæндуй Цæголи-фурт, æ еци æууæнкæ уотæ федар адтæй, æма фиццаг уруссаг революци ке фегуппæг æй, е дæр æй сагъæси нæ бафтудта. Мах зонæн, еци цау интеллигенцийæй хъæбæр берети мæти ка бафтудта, фал Цæголи-фурт уонæй нæ разиндтæй. Нифс æвардта лæмæгътæн, æууæндтæй, рæхги æносон хъадамантæ уæддæр ке ниссæтдзæнæнцæ дзиллæ («Море сбросило оковы» 1908 анзи), разæнгард кæнуй размæ, рохс нисанмæ федарæй цæунмæ, дзурдта, æрдæгнадбæл æрлæууæн нæййес, зæгъгæ («Вперед!» 1908 анзи). 1910 анзи финст æмдзæвги («Прометей») ба имæ уотæ 'й:

*Пусть проходит время…*
*Пусть мелькают годы…*
*Верю я: настанет лучезарный*
*час…*
*Разомкнутся цепи…*
*Грянет гимн свободы…*
*И не будет стона… И вздохнет*
*Кавказ.*

Раст зæгъгæй, пролетарон револци ку æрцудæй, уæд райдайæни Цæголти Геуæрги ин æнхæст нæ балæдæрдтæй æ рахаст æма медес. Октябри тумугъти кæми ци цæуй, уой нæ рартаста. Фал революций хуарзи фæстеугутæ ку фæууидта, уæд цийнæгæнгæй æхе банимадта революций фарс.

Цийнæ кæнуй нæуæг Иристонбæл, райгурæн бæстæ фæййервазтæй æносон цагъардзийнадæй, цæуй нæуæг цардарæзти надбæл («Осетия» 1934 анзи). Хъæбæр зæрдрохс гъуддаг æй, ирон хуæнхаг силгоймаг æ бартæ ке райста æма исфæлдистадон фæллойнæмæ ке рацудæй, е («Женщине» 1932 анзи).

Поэт цæмæдесæй кæсуй дуйнемæ, ци нæуæгдзийнæдтæ си цæуй, уонæмæ. Фал нæ финсæгæн æ хъауритæ бафехсудæнцæ. Раздæри тохи цард ин бахуардта е 'нæнездзийнадæ. Фæстаг æнзти Геуæргийæн æ бон нæбал адтæй нæуæг цардаразгутæн сæ тухгиндæрти хæццæ æмцуд кæнун, кæд еци царди сæрбæлтау æ сæр нивондæн равардта, уæддæр.

Уогæ уотемæй дæр æ финсун нæ ниуугъта. Байдæдта финсун имисуйнæгтæ – рæстæги агъазиау æвдесæн. Куд цардæй, куд тох кодта, ке хæццæ æмбалдæй… Цаутæ æма хабæрттæ, зæрди сагъæстæ царди гургъахъ нæдтæбæл – гъæздуг æма цæмæдес æнцæ махæн æ имисуйнæгтæ. Уордигæй нæмæ уодæгасæй разиннуй финсæгæн æхе сорæт, æ цард æма æ тох æнæгъæнæй дæр.

***СУМЕНАТИ Замирæ,***
***1971 анз.***

**РЕДАКЦИЙÆЙ:**

*Зундгонд куд æй, уотемæй Цæголти Геуæрги æ уадзимистæ фулдæр финста уруссаг æвзагбæл. Абони си 6-7-аг фæрстæбæл мухур кæнæн æ радзурдтæ – дууæ си дигорон æвзагмæ тæлмацгондæй, уæдта еу æмдзæвгæ уруссагау æма дигоронау.*

***Профессор, историон наукити доктор ТОТОЙТИ Михал: «Цæголти Геуæрги æ исфæлдистади уæлдай фулдæр æргом æздахта аграрон фарстатæмæ. Æ агъазиау кустбæл банимайун æнгъезуй, Иристони хуæнхаг адæми ’хсæн зæнхæ куд дехгонд æй æма си ка цæхуæн уавæри æй, уой туххæй æ очерктæ (рацудæнцæ 1912 анзи). Цæголи-фурт***



## ÆЦÆГÆЛÆНТТÆМÆ

Æ дарæси бугъзуртæ ци тухтони баст адтæнцæ, уой æ къохмæ æрбайста:

– Нæ мадæ, дзæбæхæй изайæ! Цæун афонæ мин æй, кенæ ба хуæдтолгæмæ байрæги кæндзæнæн!

Зæронд уосæ æ бунатæй фестадæй.

– Фæндараст, мæ бæдолæ! Хуцауи иуазæг уо! Дæ нийиерæг мади ма феронх уо! Хуцауи барæ дæхе бакæнæ. Ами гъæуи де ’фсарæ, дæ кадæ нæ багъæуай кодтай, сахари æй уæддæр багъæуай кæнæ... Мацæбæл тухсæ, дæ зæрдæмæ маст æгæр ма есæ. Алцидæр Хуцауæй арæзгæ ’й. Зин дин ку уа, – фæстæмæ раздæхæ дæ фидиуæзæгмæ. Адæм ходæнтæ, куддæриддæр сæ фæндуй, уотæ. Хуцауи зæрдæ дæбæл ма фæхходæд, – мæн зæрдæ дæр дæбæл нæ фæхходдзæнæй. О, мæ зæрдтагон бæдолæ!

Зæронд мадæ æ бæдоли æ реубæл ниттухта.

– Ма тæрсæ, мæ мадæ! Æригонæй гъæла адтæн, нур мæ сæри зунд бацудæй. Нур æй балæдæрдтæн, адæми рæстдзийнадæ æма æфсарæ ци ’й, уой... Нæ фесæфдзæнæн... Хуцауæй боз... мæ дууæ къохи ма мæ уæле ’нцæ... Фæстæмæ гъæумæ æздæхæн ба мин нæбал ес. Мæ бон нæй, нæ мадæ! Аци гъæуи цæрун мин цирти хуссуни хузæн иссæй, игъаугидæр мин си нæбал ес, нæбал... Нецихузи бал раздæхдзæн фæстæмæ. Уой бæсти сахари еске горен рæбун, еске фæсдуар рамæлдзæнæн. Æцæгæлæнттæ мæмæ уæддæр зæрдхæлардæр уодзæнæнцæ.

Æригон кизгæ сабургай хæкъурц куд кодта æ цардæфхуæрд мади уадæлттæн, е ’нцъулдтæ цæсгонæн ин зæрдтагон батæ кæнгæй.

– Афонæ ’й? Фæстагмæ ма исфæразта кизгæ æма, ци къæси райгурдæй, æ сабийбонтæ зæрдигъæлдзæгæй кæми равриста, уордигæй æ фæстаг къахдзæф райвардта.

– Донкæ, мæ зæрдтагон, кæмæн мæ уадзис мæ зæруай бонти, æнæ дæуæй куд цардæфтауæнтæ кæндзæнæн, о, мæ хори тунæ?

Зæронд уосæ æ фæсте рацудæй æма согти кæлдæбæл æрбадгæй нигъгъарæнгæ кодта. Æ цæстисугтæ ’й фæрсгæ дæр нæбал бакодтонцæ.

Сæ бакомкоммæ кауи сæрæй дуйæ силгоймаги сæ сæртæ радардтонцæ.

– Цума Степанидæ æ зæронди бонти цæбæл фæцæй æрдеуагæгæнæг?

– Е æ кизгæ Донки туххæй. Донкæ ин сахармæ æхе райста, е ба ами æ фæдбæл æхе маройтæ кæнуй.

– Иссирдта, æхе кæбæл мара, уæхæн! Уæллæй, еци федиссаггæнæн мæн кизгæ ку адтайдæ, уæд еци гадздзай мæхе къохтæй æ дууæ дзиккоемæй Терки донмæ фæлластайнæ æма ’й уордæмæ багæлстайнæ.

– Хуцауи хатирæй?

– Кизгæ кизгæй æригонбадæ фæккодта, уæдта æ зæронд мадæн æ «лæвар» æ раздарæни буни æрбахаста.

– Æма рамардæй?

– Ка?! Еци куййи бæдолæ?.. Мардæй ин рантæстæй...

– Хуцауи хатирæй, радзорай мин?.. Æ мадæ æма, дан, æй æхуæдæг сæхуæдтæ нийнод кодтонцæ.

– Хуцау сæ ралгъиста... Гъæуихецауи фурти хæццæ искъобалæ ’й. Гъæуихецауи ностæ ’й æрфæндæ адтæй. Уомæ дæр ма неке кæсуй! Фал лæхъуæн дæр куд уа – ци уа лæппо нæ разиндтæй.

– Нæ гъæуи фæсевæд ин ци фудмиутæ бакодтонцæ, еци хабар ба фегъустай? Урди над æй фæккодтонцæ, уæледарæси морæ ибæл нæбал нииуагътонцæ. Ниппалауон ин сæ кодтонцæ...

– Куд нæ ’й фегъустон! Нæхе Ванко дæр нæмгутæн сæ хæццæ адтæй...

– Уомæй цæмæдесагдæр ма, дан, ци адтæй фæрсæй бакæсунæн. Æхуæдæг дæр ин е ’фсæрæ дууæ хатти ниццавта. Уой тогуомæнтæмæ бакæсунæй ходæгдæр, дан, ма ци адтæй! Ха-ха-ха! Æ зæрдæбæл æй дардзæнæй, гадздза.

– Хуцауæй боз, сахарæй ке рандæй. Сæрзелæггун фус еугур дзогæ дæр исафгæ кæнуй. Нæ гъæуи æдеугур кизгуттæ дæр ма нин фехалдтайдæ, æлгъистаг. Нур сахари æ цæрди радæ кæнæд. Уæхæнттæн уоми парахат цард ес. Нæлгоймæгтæ си – хæрхæ.

– Куд, гъома! Еци маймулимæ хæррæтт кæндзæнæнцæ? Сайтани бæдолæй аддæр-уоддæр ку нæй. Берæ рæстæг ма фæккъуc-къус кодтонцæ дууæ синхаги се ’ртиккаг синхони фудкой кæнгæй.

Еци рæстæг Донкæ ба æ цуди кой кодта, вaкзал æрдæмæ æ них исаразгæй. Станицæй раги райеуварс æй æма цудæй паддзахвæндагбæл. Бон дзæбæх райдзаст адтæй, æ гъарæй æрдзæ рæвдудта. Нади фæйнæфарс сауæнгæ арви кæрæнттæмæ фæццæйцудæнцæ итигъд будуртæ. Аллирдигæй игъустæй цъæрæхснæгути цъибирт. Мæргъти зæлланг зар гъостæ фæлмæн рæвдауæ кодта.

Аллирдигæй игъæлдзæгдзийнадæ, амонд, айдагъдæр кизги зæрдæмæ уонæй неци гъардта. Тæходуй, нуртæккæ бурдæн ку никкæнидæ, æ хæццæ арф мети хъæпæнтæ æрхæсгæй, æма алливарс будуртæ æмир æмбæрзт ку ’ркæнидæ, адæймаги æ кири æ мæрддзаг æмбæрзæнæй куд нихгæнунцæ, уотæ. Уадзæ æма багъос уа мæргъти зар, уадзæ æма, Хуцауи рафæлдистæй цидæриддæр ес, уони таус баймир уа, хор мегъти буни фæууа, гъæхгон арв сау мегътæ бамбæрзонцæ. Уадзæ!

Уадзæ, æма баймируæвæг зæнхæн тухгин думгæ марой гъарæнгæ кæнæд. Цæмæн гъæуй. Уæддæр цæрди цæстисуг æма гъезæмарæй æндæр адæймаг ку неци æвзаруй. Раст нæ ’нцæ, амонд ес, зæгъгæ, ка фæззæгъуй, етæ. Уæдта кæд ес, уæд кæми ’й? Кæд æй ка æрæстæфтæй? Æхе ци мæрай баримахста? Етæ еугур дæр æнцæ дзубандитæ. Амонд нæййес. Ес айдагъдæр маст æма тухгъезæмарæ. Етæ ба ке гъæунцæ.

Æрæгиау æрлæудтæй. Мæнæ сурх уобау, æ фæсте ба над фæуурдуг кæнуй. Уой фæстейæй гъæу нæбал зиндзæнæй. Фæстаг хатт ма имæ ракастæй фæстæмæ. Цума раст армитъæпæни æвæрд æй, уотæ зиннуй. Уæртæ аргъауæн, дууæ гæдибæласи скъолай рази, уæртæ бæрзонд акъаци, сæ цъухдзæхæрай ирæзуй. Уæртæ ба курæнттæ. Цæугæдон, гъæдæндзæр. Уæртæ ба билгæрон, уарздзæн дæ, ракордзæн дæ, зæгъгæ, ин нифситæ кæми æвардта, е.

Æ къох ма сæбæл ракъуæрдта æма æ идарддæри нади цуди кой кодта. Идарддæр, идарддæр!.. Цæбæл ма сæ æрæфтауй æ ристæфхуæрд зæрди? Цæмæн ма сæмæ кæсуй фæстæмæ? Мæлæти зæрдрæвдудæй си ку нæ цæуй.

Æцæгæлæнттæмæ: уоми ин æнцондæр уодзæнæй. Гъо, мæгурдæйраг! Цума куд æнгъæл дæ? Æнцондæр си уодзæнæй? Магъа, магъа!

*1901 анз*

## ДУУÆ ФИЙЙАУИ

Фустæ сабуртонæ кодтонцæ цъæх кæрдæг, е ба риндзи тæккæ кæрон, æ фиййауи лæдзæгбæл æрæнцойнæгæнгæй е ’нгæс исараста, бунæй дæлиау коми нерæнги ма æ фунæй ци гъæу игъал кæнунвæндæ кодта, уомæ.

Дæлæ коми арфи Ирæф æмпурсæнтæ кæнуй, æрра, фал, уæддæр зæрдæн уарзон Ирæф. Раст цума цæф хелагæ ’й, уоййау æхе коми нарæги ку еуæрдæмæ фæкъкъæдзæ кæнуй, ку иннердæмæ, æмпурсæнтæгæнгæ æнсæндуй будури урух гъæбесмæ, æ развæндаг ин ци къæйдортæ кæрдуй, уони нецæмæ даргæй.

Мæнæ хуæнхаг гъæу... Бæрзонд хонхи цъæх фахсбæл сау лæкъæрди батъæппау сау даруй. Алливарс цидæр ивадхуз, талингæ ’нгæс. Æма имæ уотæ кæсуй, цума æгæрон цъæх итигъдадæ æ реуидзаг исуолæфдзæнæй æма æ реубæл ци лæкъæрдæ ниддæвдæг æй, уой еу æнтъухтæй нинтъохдзæнæй дæлиау æмир коми æрра гулфæнтæгæнæг дони гъæбесмæ. Æма ци! Уомæй сæ уавæр фуддæр фæуудзæнæй. Æгириддæр нæ. Уомæн æма гъæуи ка цæруй, уони уавæр дæр еци-еу æнгæс даруй, раст ардигæй куд лæкъæрдæхуз зиннуй, уотæ. Æгудзæг – нæхъæртондзийнадæ, уазал-салдæргъæвст, уæззау, фургуст, гъезæмарæ... Ехх, уогæ ба!

Арф ниуулæфтæй фиййау æма... Коми сæрти нийиазæлдæй æнкъард, зæрдæбæл æндзæвгæ зар. Еци зар æгъуз хонхи тегъæй ивулдæй æма, куд хæрæ мегъæ фæззигон, уотæ е ’нкъард зæлтæй идзагæй-идзагдæр кодта еугур ком дæр: Ирæфи мæстгун уад, гъæдтæ, хумзæнхитæ, фæхстæбæл игуæрдæнтæ, гъæубæстæ, цидæриддæр си адтæй, уони еугурæй дæр. Æма алливарс æрдзæ, ци адтæй, уомæй никки æнкъарддæр, æдзарддæр хузæ райста.

Еци рæстæг коми иннæ фарс ба лæудтæй иннæ фиййау, е ’мбал, æ нимæтходæ æ къохи даргæй, æ цийнæйдзаг ирдæнгæс цæститæй кæсгæй æгæрон цъæх арви итигъдадæмæ.

Мæнæ æвзестæнгæс уæйуг-хуæнхтæ. Цъететæ, цума уорс налмастæ еске итаугæ бакодта, уоййау цæхæртæ калунцæ мингай хузтæй. Адæймагмæ уотæ кæсуй, цума уони хурфи дæр цард æзмæлуй.

Етæ кæрæдзебæл табедзæ кæнунцæ сæумон хори гъармæ, раст цума мæйдар æхсæви уазал сæ усхъитæй сæрфунцæ, уоййау.

Алфамбулай мæргътæ цийнаг зартæ кæнунцæ, сæхе æртайунцæ сæумицъæхи рæуæртæхи.

Уогæ ба ци дессаг, ци хиццон дæ, цард! Бафсес дин си куд нæййес. Фунæйæй райгъалуæвæг коми сæрти нииазæлдæй фиййауи цъæхснаг зар, нийфæнзтонцæ кæмттæ, гъæдтæ, æгайнæгтæ.

Е адтæй цард æхуæдæг. Зæнхæбæл скондæй цидæриддæр адтæй, уони худта размæ амондгундæр цардмæ, уæлмонцдзийнадæмæ.

Фиццаги зар дæр нæ гъос кодта. Фæззигон мегъау бæзгиндæргæнгæ цудæй, æ хæццæ бауæри содзинттæ цæвæг уазал хæсгæй.

«Мæлæт, иронхуат, æнæ исонибон!..» – етæ адтæнцæ зари сæйраг мотивтæ. Ами аллирауæн дæр ес талингæдзийнадæ. Еци талингæдзийнади цийфæнди рохс дæр нæ барттевун кæндзæнæй. Е уæлахездæр æй, уой бон дзæвгарæ фулдæр æй.

«Цæрун хуæздæр æй, æнсувæртæ! Цийфæнди гъуддаги дæр цард хуæздæр, æхсигъгондæр æй!.. – азæлуй иннæ зар.

Царди итуд нæмгутæ гъæуй æмбурд кæнун, гъæуй сæ итаун, мæрæмæ хæссун. Æмæ уæд царди ауæ æхебæл исхуæцдзæнæй. Амонди алли æрдæфæн дæр ахæссун гъæуй, цæмæй исонибонмæ иссодза, цæмæй адзалхæссæг уазал фæссора æностæмæ».

Дууæ зари дæр æмхузон тухгин æнцæ, æмхузон агайунцæ зæрди уедæгтæ. Ка мин зæгъдзæнæй, кæци зар си фæууæлахез уодзæнæй?

Фустæ ба еуæрдигæй дæр æма иннердигæй дæр сабурхезæ кæнунцæ цъæх кæрдæгбæл.

Æма мæнæ хор дæр æ фиццаг тунтæ æрбадардта, æрбадардта æма рæвдауй райгъалуæвæг дзиллити сæумон фестад, сæ базмæлд...

*1901 анз*



**Зундгонд ахургонд, финсæг, литературон æртасæг Гиреев Девлет Азамати фурти райгурдбæл 26 апърели æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1916-1981).**

***финста: «Раст цума адæймаги хъæбæрдæр нилхъевуни туххæй æрдзæ æма истори цæдес искодтонцæ, уоййау æй. Хуæнхти зæнхитæ нæ бæззунцæ адæмимуггаг хæдзарадæ исаразунæн... хуæнхти адæм судæй цагъди кæнунцæ... Цæголи-фурт æ уацти дæрæнкодта гъæууон бонгинти, æргом кодта еци тогцъирти цъумур миутæ...»***





## АБРЕК

Ночь... Старая Фатима подкладывает на потухающий огонь очага сухого хворосту, выломанного из плетня, и, подперев седую голову мозолистой и иссохшей рукой, задумывается...

Хворост вспыхивает ярким пламенем и наполняет дрожащим красным светом убогую горскую саклю.

В сакле пусто... Лишь в одном углу уныло чернеет простая деревянная кровать, а рядом с нею прячется в тени деревянное ведерко с водой... Да еще у очага лежат два небольших обрубка, которые, за отсутствием скамеек, служат для сиденья... Больше в сакле ничего не видно и нет. Беднота глядит с ее пустых углов и из всех ее многочисленных щелей.

На дворе идет дождь... Второй уже день он идет... Соломенная крыша вся пропиталась дождевой водой и не в состоянии удерживать ее, И от этого вода льется внутрь сакли так же, как и на дворе. И кажется, будто не дождь это, а кто-то плачет... Сакля будто плачет о ком-то...

На дворе дует ветер... Сильный ветер с безводных степей севера, с земли Караногая... Ветер хлопает ставней единственного окна и жалобно воет в надочажной трубе. И вой этот так уныл и протяжен, такой тоской отдается в сердце, что кажется порой, будто и он плачет вместе с убогой горской саклей, будто и ему отчего-то больно и грустно...

Фатима поднимает, наконец, седую голову.

– Вот она, жизнь... Будто кто-то, сильный и могучий, в насмешку дал ей эту проклятую долю... Муж в Сибири... Ничего не слышно о нем... Может быть, умер... Сын, единственное ненаглядное дитя ее, был тоже в Сибири и бежал... Теперь абреком стал... Бедный мальчик...

Две крупные слезинки скатываются из ее глаз и падают на торячую золу очага.

– Когда была маленькой, мать говорила ей: «Молись Фатима, Аллаху... Он счастье даст...» Я молилась и счастья ожидала... Замуж пошла... Тоже молилась всегда и всегда счастья ждала... Скоро мужа в Сибирь отправили... Казак его плетью ударил... Он выхватил кинжал и убил казака. Другие казаки сказали: грабить хотел... Его за это в Сибирь сослали... И я все молилась... Все на счастье надеялась... Сильно надеялась, так как мальчик у меня остался... Бедный мальчик.

Так как огонь на очаге снова начинает тухнуть, то Фатима опять подкладывает в него сухого хворосту... Снова вспыхивает пламя на очаге, и снова озаряет неуютную саклю красным дрожащим светом.

– Бедный мальчик... Я сама молилась и ему всегда говорила: молись Аллаху, мальчик, он счастье даст... И он тоже молился, а счастье не шло к нам, забыло про нас... Бедно жили мы... Хлеба часто не было в сакле. Сухой крошки чурека. Голодали... Трудно было... Когда мальчик маленьким был, не замечал будто... После задумываться стал... Взялся работать – ничего не выходило... Земли не было, денег не было. Нельзя у нас работать, когда земли нет и денег нет... И он воровать стал... Его за это в Сибирь послали...

А сакля все плачет, все так же льет крупные капли своих слез на земляной пол и на почерневшие от времени и копоти стены. И ветер по-прежнему голосит в надочажной трубе – северный ветер с безводных степей Караногая.

И все так грустно и уныло в сакле, таким холодом несчастья веет от всего, что плакать хочется, зарыдать всей наболевшей грудью, зарыдать и потом бросить вопль протеста в лицо всему, что ни есть на свете.

И плачет Фатима, рыдает, и вопли протеста срываются с ее старческих уст... И ей страшно становится от этого. Дух замирает, как будто летит она в бездонную пропасть. И нет уже сил удержаться от слез, хлынувших сильным потоком горечи и обиды... Да и не надо... Будь что будет... Долой моленья... Проклятье всему на свете, проклятье счастью и добру, если только они еще есть на земле... Проклятье за то, что они бегут от людей, скрываются, как ночные пугливые птицы...

Плачет старуха... Долго плачет...

Но вот ее слух улавливает какой-то легкий стук со стороны дверей. Старуха вздрагивает.

Тихо... Должно быть, ветер.

Но вот опять стук... Теперь сильнее...

Там, за дверями, кто-то есть... Там человек... Гость в такую позднюю пору не придет к бедной старухе, у которой и сухой-то чурек не всегда бывает... Великий Аллах!.. Неужели это...

Дверь отворяется, и на пороге появляется высокий, статный молодой горец...

– Мама...

– Дитя... Мальчик мой... Мой бедный мальчик...

И что-то подступает к исстрадавшемуся сердцу Фатимы... Ей хочется встать скорее, броситься на шею к сыну, прижать его к сердцу так же, как она прижимала его некогда, когда он, чистый и святой, улыбался в убогой колыбельке, играл своими нежными ручонками, смеялся своим серебряным ангельским смехом, а она напевала ему колыбельные песни и грустные песни старины.

Но... Она – горянка и хорошо знает требования сурового обычая... Она должна сдержать свои чувства...

И она сдерживает.

– Мальчик,– говорит она с видимым спокойствием.

– Ты промок... Присаживайся к огню и высушись...

Он садится.

– Мама, как живешь?

– Живу...

Он молчит некоторое время, потом опять говорит. – Аллах забыл нас.

– Молись ему, мальчик...

– Я молился...

Фатима догадывается, что хочет сказать он, и переменяет разговор.

– Ты устал... Отдохни...

– Нельзя, мама... Меня могут поймать. Я бы поел чего-нибудь.

– Бедный мальчик, сегодня я не пекла чурека...

– Ну, не беда... А ты сама кушала ли сегодня?... Я же посижу и так... Я на минутку забежал... Повидаться... Может быть, не увижусь больше... Пристав с казаками недалеко...

Мать и сын молчат некоторое время. В такие минуты трудно говорить.

– Мама! – прерывает молчание горец. – Я принес тебе денег. Мы взяли в плен двух русских... Выкуп за них хороший получили... Мне досталось пятьдесят туманов. Они мне не нужны, мама... Я для тебя их... О себе я не думаю. Я – волк теперь, зверь лесной... Я о тебе думаю... Я и в Сибири о тебе думал... Купишь себе корову... Хлеба купишь... Поживи, бедная мама, хоть раз в жизни так, как люди богатые живут...

В голосе горца слышатся слезы. Фатима тихо качает головой.

– Мое счастье – ты... Твое счастье – мое счастье... Твоя беда – моя беда. Что – деньги? Не нужны мне они. Если тебе трудно, все деньги мира не сделают светлее моего сердца... Мальчик...

Но слово вдруг замирает на устах старой Фатимы.

Где-то раздается выстрел... Еще и еще... Много выстрелов... Слышны голоса...

Что-то закипело, что-то заклокотало в ее груди... Как! Она еще не успела насмотреться на своего мальчика, она еще не успела сказать ему материнского теплого слова... И вдруг кто-то хочет его отнять у нее... Кто-то хочет пролить святую и драгоценную для нее кровь... За что? Кто имеет право? Где эти святые люди?

А выстрелы учащаются.

У горца горят глаза. Грудь его подымается часто и сильно. Мощною, привычной рукой он держит наготове свою верную берданку.

– Мама, прости... Я должен идти... Это пристав с казаками... Вероятно, накинулись на моих товарищей... Вот деньги... Возьми... Вот я их тебе за пазуху кладу. Прощай... И он быстро направляется к двери.

– Мальчик, постой...

Она загораживает ему дорогу.

Долой все обычаи... Тут не может быть места никаким-обычаям. Здесь мать и сын стоят перед лицом смерти.

– Мальчик... Поцелуемся... Может быть, в последний: раз...

И абрек, проливший на своем веку немало крови, останавливается и прижимает к своей богатырской груди вздрагивающее от рыданий тело старушки-матери.

Потом он бережно отстраняет ее и быстро скрывается в ночной темноте.

Выстрелы учащаются. Слышны голоса... Близко уже. Кого-то ловят… Кто-то грозит кому-то...

Ночь, дождливая глухая ночь попрежнему льет крупными каплями слезы свои на землю и с затаенной тоской прислушивается к чему-то.

А в темной убогой сакле плачет, и стонет, и рвет на себе седые волосы старая Фатима.

**Георгий ЦАГОЛОВ**

### НА РАЗВАЛИНАХ ЗАМКА В МАХЧЕСКЕ[1]

Унылый вид... Здесь жизнь уже не бьется,
На всем лежит безмолвия печать...
Военный клич со стен не раздается
Уста бойниц уж с давних пор молчат.

Не виден дым вечернею порою;
Не слышен смех красавиц молодых,
С кувганами[2] спешащих за водою
Под дружный лай собак сторожевых...

И не слыхать ни возгласов тревожных,
Ни боевых напевов старины,
И лязг мечей, губительных и грозных,
Уже ночной не режет тишины…

Все глухо здесь... Все смерть напоминает...
Бурьян кругом, крапива да трава...
А из бойниц пугливый взгляд бросает
На сонный мир унылая сова...

1 *Аул в Дигорском ущелье.*
2 *Сосуды для воды.*



### МÆХЧЕСКИ ГАЛАУАНИ ИХÆЛДЗÆНТÆ

Æгудзæгхуз, цард си рагæй не ’райуй,
Æрдзæ ниууагъта ами æмирвæд.
Кæддæри тохмæ седти уæрæйдайæн
Нæййес ами нæдæр æ кой, æ фæд.

Хъуæцæ не ’скæлуй ами изæрдарти,
Иссæй æлдар фæлабулай мæрдвун.
Не ’гъусуй худт æд гогæнттæ дондзаутæй,
Нæ ба фиййаугуй не ’срæйуй æппун.

Нæ райгъусуй фæдеси тарст гæрæхтæ,
Нæ райгъусуй фидтæлти ниццæлхъ зар.
Æндон кæрдтæ кæрддзæмти æмирæхгæд, –
Не ’халунцæ æхсæви сабур тар.

Дуйне къуру… Ка ’ссердзæй си æ уасæ,
Хъамил фалдзос æд хæрдæ, æд урдуг.
Æрмæст мæсуги рагон æхсæн цъасæй
Кæсуй фунæй дуйнемæ хъæрæу уг…

*ЦÆГОЛТИ Геуæргий æмдзæвгæ дигорон æвзагмæ ратæлмац кодта КОЛИТИ Витали.*

**Дессаги зæрдæмæдзæугæ бæрæгбон – монцти Еугурдуйнеуон бон – бæрæггонд цæудзæнæй 29 апърели. Æма уæ рохс бæлдитæ еугурæй дæр исæнхæст уæнтæ!..**

*Франческо ПЕТРАРКА (1304-1374), италиаг поэт: «Ауyонæн хегъдауæй равзурæн æма ун куд нæййес, уотæ 'й кади хабар дæр: фарни гъуддæгути бундорбæл ку нæ ирæза, уæд нæдæр æцæг уодзæнæй, нæдæр федар... Æцæг ездон адæймаг устур уоди хецауæй нæ райгуруй, фал æхецæй уæхæн искæнуй æ заманай хуарз гъуддæгути фæрци...»*

**НОМЕРÆН**

# МАХ ДÆ ÆНОСИ ИМИСДЗИНАН...


ГОБАТИ Станислав


Дзинагъа

Дзинагъа хумæтæги нæй нимад нæ Дигоргоми рæсугъддæр гъæутæй еуебæл. Сабур гъæу ауоуни æрбунат кодта æзнает цæугæдон Ирæфи уæлбилгæрон. Ардигæй дзæбæх зиннунцæ бæрзонд Дзæгæраскæ, ехин Къæрæугом, нæ хуæнхбæсти æндæр цæмæдесаг рауæнтæ. Уогæ аци гъæубæстæ зæрдæмæдзæугæ айдагъ æ æрдзон алæмæтдзийнæдти фæрци нæй, æ сæйрагдæр хиццагдзийнадæ 'нцæ æ цæргутæ, Иристонæн дæр æма нæ устур Фидибæстæн дæр хуæрзгæнæг ка 'й, сæ еци æмгъæуккæгтæ.

Уонæй еу адтæй Гобати Станислав. Райгурдæй ами 1972 анзи, æнæгъæнæ гъæубæсти медæгæ дæр кадгин Вячеслав æма Хъазахон Дусяй фæрнгун хæдзари. Станислав æма е 'нсувæр Рубен сæ ниййергути цийнæ æма зæрдæнцойнæн байлæгъ кодтонцæ хуæрзæгъдаугин æма кустуарзонæй, сæ хестæрти фарнæй хайгин уогæй, архайдтонцæ сæ цардиуагæ арфиаг гъуддæгутæй аразунбæл.

Сæ мадæ Дуся куста гъæуи скъолай директорæй, Вячеслав ба тукани. Сæ цардихабæрттæ кодтонцæ сæхе фæллойни фæрци, сæ кæстæрти дæр гъомбæл кодтонцæ, цæмæй рæстуодæй аразонцæ сæ гъуддæгутæ. Куд нæ бæлдтæй Дуся æ кæстæрти амондæй бафсæдунмæ, уони æнтæстдзийнæдтæбæл фæццийнæ кæнунмæ. Фал ин, гъулæггагæн, уæхæн равгæ нæ фæцæй, уæззау нези амæттаг фæцæй, хеуæнттæ ци нæ фæккодтонцæ уомæй æй фæййервæзун кæнунбæл, фал син нæ бантæстæй… Хъæбæр æригонæй банæхстæр æй е 'носон дуйнемæ, æ уарзон бийнонти æ рæвдудæй фенæхай кæнгæй…

Зæрдрист фæцæнцæ бийнонтæ, фал ниффæразун гъудæй еци уæззау зинæн, сæ царди хабæрттæ идарддæр кæнунæн хъаурæ æма нифс иссерун. Еци уаргъ ранцадæй хъиамæтгун фидæ Вячеславбæл, æма куд бийнонти сæрбонс, уотæ еци уаргъ фæразонæй хаста. Уогæ раст дæр уодзæнæй уотæ зæгъун, æма еци уаргъ хастонцæ еумæ æмбурд бийнонтæй. Киндзитæ сæхе рауон-циоуонæй равдистонцæ, сæ зелæнтæй Вячеславæн дæр фенцондæр уидæ… Фал уæддæр ирисхъæмæ æхе унаффитæ ес, уотæ рауадæй, æма Вячеслав дæр банæхстæр æй е 'носон дуйнемæ.

Дууæ 'нсувæри Рубен æма Станислав идарддæр ниййергути фарнæ хастонцæ, кæрæдзей берæ уарзгæй æма нимайгæй, кæрæдземæн нифс уогæй. Дзинагъай скъола каст фæууогæй, Станислав исахур кодта Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети математикон факультети. Ахургæнæгæй косун райдæдта Гулæри скъолай, уоми 'й директорæй дæр ниввардтонцæ. Куста ма Стур Дигори астæуккаг скъолай дæр. Уæдмæ математики ахургæнæг багъудæй Мæцути интернати, æма еци ихæс дæр райста æхемæ.

Станислави хæццæ мин еумæ косгæ рауадæй, æма мæ бон федарæй зæгъун æй, цæйбæрцæбæл устур уоди хецау адтæй, цийфæнди фарстатæ дæр архайдта раст æма гъæугæ хузи аразунбæл. Цийфæнди гъуддаги дæр ибæл адтæй бауугæндæн. Цардæн æ уагæ уæхæн æй, æма адæймаг цæмæйдæрти уотæ исфæлмæцуй, æма сæумæй кустмæ 'рбацæугæй, адæймагмæ уотид дзорун дæр хатгай нæ фæццæуй. Еске ни уæхæн уавæри æрæстæфгæй, Станислав æхе нециуинæг искæнидæ, уотемæй дæ хæццæ дзубанди кодтайдæ æма дæ нæ ниууагътайдæ æнæ нихходун кæнгæй. Хъæбæр хуарз зудта æ предмет, уарзта сувæллæнтти æма син неци æвгъау кодта, æновудæй сæ хайгин кодта æ зонундзийнæдтæй, æ уоди гъардзийнадæй.

Уæдмæ Станислав нисангонд æрцудæй Мæхчески скъолай директорæй, дууадæс анзей дæргъи æвæллайгæй фæхъхъиамæт кодта ахургæнæндони гъуддæгутæ тæккæ хуæздæр хузи райаразунбæл, баруагæс уи уæд, адтæй дæсни сæрбонс скъолæн. Æ уод некæд исхестæр кодта сувæллæнттæй. Уарзтонцæ 'й ниййергутæ, æхцул ибæл адтæнцæ сувæллæнттæ, арази си адтæнцæ косгутæ.

Станислав æмкъайæн байагурдта Багъæрати Заури æма Телæхъурти Аниути кизгæ Зæлини. Исæнтæстæй син рæсугъд зæнæг – фурт æма кизгæ. Зæлинæ дæр æй устур æма рæсугъд уоди хецау, берекетхъос, иуазæгуарзон. Гъæубæстæ дæр æма муггаг дæр æй базудтонцæ сæрæн адæймагæй… Уæхæн бийнонтæ куд гъæуама нæ уонцæ амондгун!.. Фал сæ еци цардмондаг нивæ ба берæ нæ рахаста. Æнæхайири карз нез бацудæй Станислави бауæри. Бæргæ тох кодта æ хæццæ, хуасæ гъæуагæ 'й нæ ниууагътонцæ бийнонтæ дæр æма хеуонтæ дæр, лимæнтæ, æмгустгæнгутæ… Уæддæр сæ бон неци бацæй… Гъулæггагæн, хуæрзæрæги, мартъий бæнтти рандæй не 'хсæнæй Станислав, уоййасæбæл боз æма сæрустур кæмæй адтан, нæ еци рæсугъд адæймаг…

Сæйгæдони ку адтæй, уæд уоми дохтиртæй еу, хъæбæр бадестæ кæнгæй, загъта, зæгъгæ, айбæрцæ адæм сæйгæфæрсæг цæугæ нæма фæууидтон… Айдагъ уомæй дæр бæрæг адтæй, адæми цæйбæрцæбæл берæ уарзта æма ин етæ дæр æхе дæр цæйбæрцæбæл берæ уарзтонцæ, е.

Станиславæн фæстаг фæндарастзæгъунмæ æрæмбурд æй æгæрон берæ дзиллæ… Хъæбæр зæрдристæй ибæл хъонц кодтонцæ æ ахурдзаутæ дæр… Рохсаг уæд, нæ хъазар æмбал, нæ зундгин ахургæнæг, Иристони æнккæтей æрдхуард… Æ номерæнæн зæрдхъурмæй ниффинстон мæнæ аци рæнгъитæ дæр…

*Ауони лæууй Дзинагъа,*
*Къæрæугом мæтъæлæй кæсуй.*

*Мартъий бони уазал соцъа,*
*Мети гæбинатæ хæссуй.*

*Гъæуи астæу унæр цæуй,*
*Гобати дуар игонæй лæууй.*
*Дессаг уоми ци æрцудæй,*
*Станислав Гобатæй фæгъгъудæй.*

*Нæ дзæбæх зундгин ахургæнæг,*
*Мæхчески скъолай сæргълæууæг.*
*Кæстæр фæлтæри рохситауæг,*
*Нæбал фæууидта рæсугъд уалдзæг.*

*Еци æгъатир карз нез,*
*Æ кой дуйнейæй фесæфæд.*
*Хуасæ ин бæстити нæййес,*
*Илгъаг не 'нæуинон фæууæд.*

*Не 'стур тæрних, ездон, зундгин,*
*Цардмæ е 'уæнгтæ ивазта.*
*Фал нин е 'скодта махæн зин,*
*Карз нез æй не 'хсæнæй райста.*

*Еййæ бæлдтæй цардмæ нæргæ,*
*Æнккæтей зæрдæй куд уарзта.*
*Хуасæ æнгъæл адтæй бæргæ,*
*Фал æй нез не 'хсæнæй райста.*

*Станислав æгасей куд уарзта,*
*Æхе тог стæгæй куд баста.*
*Алке æй игъæлдзæгæй зудта,*
*Е 'гъдау, æ кадæ лæвардта.*

*Скъола Станиславæн æ бундор,*
*Сабийти худт е 'стурдæр хор.*
*Æ берæ æрдхуæрдтæ æ хъаурæ,*
*Е иуазгути худта æ фарнæ.*

*Федар астъонæ æ бийнонтæ,*
*Мадæ, фиди кадæ хаста.*
*Е 'стурдæр мулк – уарзон хеуонтæ,*
*Станислав ци берæ сæ уарзта.*

*Абони седзæр æ бæдæлттæ,*
*Уарзон бийнойнаг – седзæргæс.*
*Раскъудæнцæ æ берæ фæндæнттæ,*
*Байзадæй æрдæгбæл – е 'хæс.*

*Æ еунæг æнсувæр ци æнкъард,*
*Еунæгæй зин æ уод æфхуард.*
*Хæдзари къумти 'й агоруй,*
*Фал имæ ейæ ба нæ дзоруй.*

*Нæ маст нæ зæрдити хæссæн,*
*Сæумæраги надмæ – фæккæсæн.*
*Кæд, мийиаг, кустмæ райевгъудтæ,*
*Фал ду ба, оххай, нæ разиндтæ.*

*Нæ кадгин, зундгин рохситауæг,*
*Дзенети дин уæд рохс бунат.*
*Аци царди мах ан иуазæг,*
*Нартикæнти де 'носон уат.*

*Мах дæ æноси имисдзинан,*
*Де 'нгæс нæ зæрдити хæсдзинан.*
*Макæддæр фесæфæд дæ хъаурæ,*
*Кæстæртæн байзайæд дæ фарнæ.*

**ХАЙМАНТИ Антонинæ,**
**Мæцути скъолай директори хуæдæййевæг.**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2026 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **730.** Заказ **№ 831.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 24.04.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 24.04.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**